



ADMINISTRASYON HEALEY-DRISCOLL REKÒMANDASYON POU ANPLASMAN AK PÈMI POU ENFRASTRIKTI POU ENÈJI PWÒP

Pwosesis ki gen kounye a nan Massachusetts nan sa k gen rapò ak anplasman ak pèmi lakòz gwo reta nan tranzisyon pou ale nan enèji pwòp, epi pa pran sa kominote a panse an konsiderasyon. Nouvo rekòmandasyon anrapò ak anplasman ak pèmi an senplifye pwosesis administratif la epi pèmèt pou kominote a vrèman angaje l, pou enfrastrikti enèji pwòp ki nesesè yo konstwi pi vit e pi byen.

KI SA ENFRASTRIKTI POU ENÈJI PWÒP YE?



TEKNOLOJI
SOU SOLÈY



TEKNOLOJI
SOU VAN



ENSTALASYON
DIJESYON
ANAYEWOB



ENSTALASYON
STOKAJ ENÈJI



ENFRASTRIKTI
TRANSMISYON
& DISTRIBISYON

Nou bezwen konstwi enfrastrikti enèji pwòp – e byen vit – pou atenn objektif klimatik lalwa mande yo, atire e kenbe biznis, ak ede abitan nou yo pou adopte enèji solèy la bay, machin elektrik, ak ponp ki mache ak chalè.

MENNEN TOUT MOUN BÒ TAB LA

POUVWA LOKAL

Komin yo ap konsève tout pouvwa pou bay pèmi pou pwojè yo pa soumèt pou Konsèy Etablisman Enèji (EFSB) egzamine, tankou pèmi selon zòn nan ak pèmi pou zòn ki imid. Komin yo dwe rive bay pèmi an nan 12 mwa epi bay yon sèl pèmi jeneral.

Otomatikman, y ap bay kominote yo stati patisipan, si yo mande sa, e gen apèl ki fèt EFSB pou tout desizyon pèmi lokal ki bay.

Eta a ap kreye règ otorizasyon pou komin yo k ap ede kominote yo fikse limit nan sa k gen rapò ak koupe pyebwa, bri ak lòt enkyetid ki gen rapò ak anviwònman an.

ANGAJMAN KOMINOTE A


Yon Biwo Patisipasyon Piblik nan Depatman Sèvis Piblik ap ede kominote yo, ak moun ki aplike pou pwojè, nan sa ki gen rapò ak angajman.

Pou premye fwa, angajman kominote a ap obligatwa, sa gen ladan l kantite ak kalite reyinyon yo, peryòd 60 jou pou piblik la di sa l panse, efò pou enplike òganizasyon kominotè yo ak efò pou devlope akò sou avantaj pou kominote a ak yon analiz avantaj parapò ak sa sa ap koute.




Pwopozisyon sa a baze sou rekòmandasyon Komisyon gouvènè Healey la sou anplasman ak pèmi pou enfrastrikti enèji pwòp – yon gwoup ki gen reprezantan komin yo, òganizasyon jistis anviwònmanal, gwoup moun k ap defann anviwònman an, sèvis piblik pou kouran, agrikilti, espesyalis nan anplasman enèji, endistri enèji pwòp, sendika, lojman ak imobilye.

YON PWOSEDI PÈMI KI RAPID



Pwosedì kounye a bay konfizyon, e li bay reta yon dizèn ane nan zafè mete sou pye yon enfrastrikti enèji pwòp ki nesèsè.



Otorite lokal ak eta ki bay pèmi yo an jeneral rete menm, men delè yo redui.

* Ti pwojè sèvis piblik yo, tankou ti chanjman nan rezo transpò kouran, ka chwazi pou pwosesis pèmi EFSB.

JISTIS ANVIWÒNMANTAL

Kominote jistis anviwònmantral yo se yo ki toujou plis touche akòz enfrastrikti enèji e yo pa t janm ka patisipe vrèman nan pwosesis anplasman ak pèmi.

Rekòmandasyon sa yo ap asire pwosesis anplasman ak pèmi an ap jis epi mete tout moun ladan l:

- ☒ Bonjan angajman kominote a obligatwa
- ☒ Bay Biwo jistis anviwònmantral ak egalite pouvwa pou kreye gid nan nivo eta a konsènan akò sou avantaj pou kominote a e analize avantaj yo parapò ak sa sa ap koute.
- ☒ Mande leta pou kolabore ak pati ki konsène yo pou kreye gid pou espas ki apwopriye pou ka pi byen konprann e evalye zòn resous yo anrapò ak kalite, kapasite, devlopman ak enpak sosyal ak nan anviwònman an.

